

Lis Verifikasyon Reyinyon IEP Pou Paran

Silvouplè revize lis verifikasyon sa avan ou kòmansman reyinyon IEP a. Li t'ap bon pou ou voye yon kopi bay tout moun k'ap nan reyinyon an avan li komanse pou yo ka prepare yo pou reyinyon an. Pandan ou nan reyinyon an, toujou tcheke lis la pou ke ou asire ke ekip la kouvri tout pwèn yo. Si gen youn nan sijè yo ke ekip ou a pa kouvri, silvouplè mande yo pou yo diskite pwèn an. Tanpri fè Direktè Edikasyon Espesyal la konnen si gen nan sijè sa yo ke yo pa diskite nan reyinyon IEP a.

- Mwen resevwa yon kopi avi reyinyon, nan lang mwen, e nan ase tan pou mwen te ka prepare'm pou reyinyon an. E reyinyon ap fèt nan youn lè and youn lokal ki konvenab pou mwen.
- Mwen resevwa yon kopi evalyasyon yo ak lòt rapò, nan lang mwen, 10 jou avan reyinyon an.
- Reyinyon'm nan ap fèt ak youn ekip IEP ki konplè, ki gen ladan li pwofesè edikasyon jeneral pitit mwen an, moun ki responsab ka pitit mwen an nan ekip etid timoun nan, youn moun pou intèprète rezilta evalyasyon yo pou mwen, ak youn reprezantan rejyonal ki gen otorite pou li fe chanjman nan sèvis pitit mwen an resevwa yo.
- Nan reyinyon IEP nou diskite pwèn sa yo, nan lòd sa yo:
 - Pèfòmans akademik ak fonksyonèl aktyèl pitit mwen an(kijan pitit mwen an ap fonksyone lekòl la ak lakay, ak rezilta aktyèl de tout tès ak evalyasyon ke yo te fè, ak kenpòt lòt enfòmasyon ke'm te remèt yo, etc).
 - Objèktif anyèl ki mezirab ak plan pou pitit mwen an ki lyen nan kirikilòm edikasyon jeneral la (omwen 2 objèktif pou chak bezwen pitit mwen an)
 - Edikasyon spesyal ak sèvis ki gen rapò ak bezwen pitit mwen an, ki gen ladan:
 - i. Kit pitit mwen an bezwen èd ak sèvis siplemantè, swa dirèkteman pou li, oubyen pou pwofesè li, pou kamarad li yo nan klas la, pou sipòte enklizyon pitit mwen an nan klas la avèk siksè.
 - ii. Kenpòt konpetans espesyal, enfòmasyon, ak develòpman pwofesyonèl ke pwofesè pitit mwen an bezwen , èd/parapwofesyonèl, ak founisè sèvis ki gen rapò ak bezwen pitit mwen an, etc.
 - iii. Kenpòt assistans ak fòmasyon pou paran ke mwen bezwen pou mwen developpe abilite'm pou'm ede pitit mwen an resevwa yon edikasyon ki apwopriye, gratis, nan youn anviwònman ki gen mwens restriksyon pou'l ka pwogrese, tankou (si nesèsè):
 - a. Kominikasyon: Ansèyman dirèk ak zouti kominikasyon (PECS, siy, tablo foto, orè foto) pou li ka aprann strateji ki efèktif pou diminye fristrasyon pitit mwen an ki gen rapò ak konpetans limite nan langaj reseptif/ekspresif osi pou ka fasilite plis kominikasyon ant mwen menm ak pitit mwen an.
 - b. Terapi Okipasyonèl: Ansèyman dirèk ak demonstrasyon spesifik ladrès motè amann, motè brit,

**Developed by the Statewide Parent Advocacy Network, 35 Halsey Street, Newark, NJ
07102**

Empowered Parents: Educated, Engaged, Effective!

aktivite sansasoryèl nou ka fè lakay pou nou ogmante endepandans pitit mwen an.

- c. Terapi Fizik: Strateji nou ka itilize lakay pou nou ogmante balans, kowòdinasyon, ak fòs fizik pitit mwen an;
 - d. Sipò Konpòtman Pozitif: Metòd ansèyman ki efikas ak strateji entèvansyon pou konpòtman ki pozitif pou nou itilize lakay pou nou ka bay enstriksyon ki byen entegre, ki adrese konpòtman ki difisil, ak jeneralizasyon tout konpetans li akèri.
- Si wi ou non pitit mwen an bezwen sèvis tankou terapi langaj, terapi okipasyonèl, terapi fizik, sèvis sikyatrik ou sikolojik, transpòtasyon, fòmasyon vwayaj, oryantasyon oubyen fòmasyon mobilite, ak lòt sèvis ki gen rapò ak bagay sa yo.
 - Si wi ou non pitit mwen an, ki gen defisi sosyal ki asosye ak dyagnostik li a, bezwen enstriksyon/entèvansyon ak yon pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon nan kapasite sosyal, chak semèn pou kwasans sosyal emosyonèl kontinyèl pou asire yon enklizyon ki gen siksè (fòmasyon konpetans sosyal).
 - Si wi ou non pitit mwen bezwen pou yo pwolonje ane lekòl la pou li pou asire ke'l pa bliye tout sa'l te aprann yo.
 - Si wi ou non pitit mwen an bezwen yon evalyasyon pou konpòtman fonksyonèl ak yon plan sipò pou konpòtman pozitif pou ka adrese konpòtman difisil li yo.
 - Si wi ou non pitit mwen an bezwen kiltive konpetans ak estrateji kominikasyon.
 - Si wi ou non pitit mwen an bezwen sipò teknoloji e si wi, ki kalite de teknoloji ak kijan l'ap aprann konnen fason pou li itilize yo, osi kijan l'ap arive gen aksè ak sipò teknoloji a pou li ka fè devwa lekòl li.
 - Si pitit mwen an gen 14 zan ou plis, ki kou etid l'ap bezwen pran pou ka ede'l prepare pou tranzisyon nan lavi adilt.
 - Si pitit mwen an gen 16 zan ou plis, ki sèvis tranzisyonèl l'ap bezwen pou prepare'l pou lekòl segondè, fòmasyon, ak travay.
 - Kijan pitit mwen ka jwenn aksè ak aktivite ki pa akademik pou timoun ki pa andikape avan, pandan, ak aprè lè lekòl, ki gen ladan aksè ak aktivite sa yo ki nan zòn kote pitit mwen an rete a menmsi li lekòl lòt kote.
 - Yon plasman yon kote yo ka enpleman IEP pitit mwen an san pwoblèm, e ki bay pitit mwen an maksimòm opòtinite ki apwopriye pou li ka gen kontak ak timoun ki pa andikape.
 - Moun/moun yo ki gen responsab dirèk pou enpleman chak sèvis ak pwogram ki nan IEP pitit mwen an ak moun ki responsab pou kontwole pwogrè pitit mwen an.
 - Moun oubyen moun yo ki dirèkteman responsab pou kontwole pwogrè pitit mwen an.

**Developed by the Statewide Parent Advocacy Network, 35 Halsey Street, Newark, NJ
07102**

Empowered Parents: Educated, Engaged, Effective!

- Kijan m'ap fè enfòmè'm sou pwogrè pitit mwen ap fè pou li ka akonpli objektif li yo pou ane a, epi konbyen fwa (otan defwa paran timoun ki resevwa edikasyon jeneral jwenn rapò sou pèfòmans pitit yo)
- Kijan pitit mwen an fè patisipe nan egzamen rejyonal yo (Evalyasyon Konpetans ak Konesans klas primè yo, GEPA 8èm Ane a, HSPA 11èm Ane a) oubyen egzamen distri yo, ak kijan de akomodasyon pitit mwen ap bezwen (plis tan pou'l pran tès yo, pou yo li kesyon yo awòtwa pou li, bay'l respons yo oralman, pou li pran tès yo an prive, pou yo ba li yon espas ki trankil, pou li itilize kalkilatè ak kompitè, etc.).
- Mwen te resevwa yon kopi konplè de ti liv PRISE la (Parents Rights in Special Education) ki gen ladan, lis òganizasyon pou kontakte pou enfòmasyon konsènan dwa mwen.
- Mwen te resevwa yon kopi IEP ki siyen oubyen yon rezime de pwogram, sèvis, ak plasman pitit mwen an.

Enfòmasyon Resous

Pitit mwen an gen dyagnostik sa a: _____.

Tanpri idantifye tout òganizasyon lokal, rejyonal, ak nasyonal ki gen pwogram ak sèvis pou ede moun.

Tanpri idantifye resous kominotè ak pwogram rekreyasyonèl ki ka ede pitit mwen an pi byen entegre'l nan kominote a.

Tanpri idantifye gwoup sipò ak pwogram edikasyonèl ki ka ede'n gen plis konprann sou sityasyon aktyèl pitit nou an, tankou kapasite pozitif ak bezwen li yo.

Tanpri bay plis enfòmasyon sou resous ki kapab benefisye pitit nou an ak fanmiy nou.